# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–14 अप्रैल 2024** **भोजपुरी समाचार**

आवे वाला चुनाव के ले के भारतीय जनता पारटी आपन घोसणा पत्र जारी कइ दिहले हौ। पारटी अपने घोसणा पत्र के संकल्प पत्र क नांव दिहले हौ। सीनियर भाजपा नेता अउर केन्द्र मंत्री राजनाथ कहलें कि घोसणा पत्र में भाजपा क संकल्प अउर मोदी के गारंटी पर फोकस कइल गइल हौ। एहमें महिला, नौजवान अउर गरीब किसानन के प्रमुखता देत सबका साथ–सबका विकास क बाति कहल गइल बा। संकल्प पत्रन के जरिये सत्तर सालि से बेसी उमिरि के लोगिन के आयुष्मान भारत योजना के दायरा में लेआवे के वादा कइल गइल हौ। येह बिच्चे बहुजन समाज पारटी क सीनियर नेता अउर पूर्व मुख्यमंत्री मायावती आजु मुजउमिरि के लोगिन के आयुष्मान भारत योजना के दायरा में लेआवे के वादा कइल गइल हौ। येह बिच्चे बहुजन समाज पारटी क सीनियर नेता अउर पूर्व मुख्यमंत्री मायावती आजु मुजफ्फरनगर में चुनावी जनसभा के सम्बोधित कइलिनि। उहां के घोसणा कइलीं कि तो ज केन्द्र में उनकर सरकार आई त पच्छिमी उत्तर प्रदेस के अलगि राज्य बनावे बदे ठोस कदम उठाइबि। उहां के कहलीं कि बसपा के चारि बेर के सासनकाल में कब्बो जाति चाहे साम्प्रदायिक संघर्स नाहीं होखे दीहल गइल।

उहां के भाजपा, कांग्रेस अउर सपा के सरकार के नीतियन क आलोचना कइलीं अउर लोगिन के बसपा ओम्मेदवार के पक्ष में ओट देवे के कहलीं।

ओहर भाजपा नेता अउर उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य आजु महराजगंज जिला में सोसल मीडिया, स्वयंसेवक सम्मेलन के सम्बोधित कइलें। उहां के कहलीं कि तिसरका बेरि मोदी के पीएम बनावे के माने बिकसित भारत क गारंटी हौ।

मौसम खराब भइले से सपा प्रमुख अउर पूर्व मुख्यमंत्री अखिलेश यादव आजु मुरादाबाद में चुनाव परचार नाहीं कइ पवलें। येह बिच्चे समाजवादी पारटी सात लोकसभा सीटिनि बदे अपने ओम्मेदवारन के नांव क घोसणा कइ दिहलस। पारटी फूलपुर से अमरनाथ मौर्य, श्रावस्ती से राम शिरोमणि वर्मा, डुमरियागंज से भीष्म शंकर उर्फ कुशल तिवारी, सलेमपुर से रामशंकर राजभर, जौनपुर से बाबू सिंह कुशवाहा अउर मछलीशहर से प्रिया सरोज के ओम्मेदवार बनवले हौ।

**********

आजु संविधान निर्माता बाबा साहेब डॉ भीमराव आम्बेडकर क एक सौ चौंतीसवां जयंती मनावल जा रहल हौ। येह मौका पर राष्ट्रपति द्रोपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति जगदीप धनखड़, प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के सथहीं कई गो केन्द्रीय मंत्री अउर सीनियर नेता, लोगिन के बधाई दिहले हवें। प्रदेस के अलगि–अलगि जिला में बाबा साहेब के जयंती पर कई गो कार्यक्रम क आयोजन कइल जा रहल हौ। बनारस में काशी विद्यपीठ में सिक्षक अउर विद्यार्थी लोगि येह मौका पर उनके व्यक्तित्व अउर कृतित्व के बारे में रोसनी डरलें। अजोध्या में कलेक्ट्रेट सभागार में जिलाधिकारी नीतीश कुमार बाबा साहेब के फोटो पर सरधा–सुमन अरपित कइलें। बलरामपुर जिला के कलेक्ट्रेट सभागार में येह मौका पर आयोजित गोस्ठी में वक्ता लोगि कहलें उनके जिनगी क आदर्स अउर संघर्स सबके प्रेरणा देला। श्रावस्ती जिला में येह मौका पर जगहि–जगहि सोभाजतरा क आयोजन कइल गइल। चित्रकूट जिला में कलेक्ट्रेट अउर पुलिस अधीक्षक कार्यालय में कई गो कार्यक्रम क आयोजन कइल गइल। अमरोहा में काल्हि संझा डॉक्टर आम्बेडकर जन्मोत्सव समिति एगो कार्यक्रम क आयोजन क के उनके जिनगी के आदर्स के यादि कइलस।

**********

राज्यपाल आनंदीबेन पटेल कहलिनि कि अजोध्या नगर के सथहीं जिलन में जेतना आंगनबाड़ी केन्द्र हौ ओह सज्जो क कायाकलप करे के हौ। उहां के बड़ी छावनी मैदान में गुजरात क मसहूर कथा वाचक रमेश ओझा के कथा में सामिल भइले के बाद काल्हि सरधालुअन के सम्बोधित करत रहलीं। उहां के कहलीं कि अजोध्या के दिव्य अउर भव्य राम मंदिर के तरियन आंगनबाड़ी केन्द्रो एगो सिक्षा के मंदिर के रूप में सजावल जाई। येह बिच्चे, रामनौमी के देखत प्रदेस सासन क मुख्य सचिव दुर्गा शंकर मिश्रा अउर पुलिस महानिदेसक प्रशांत कुमार काल्हि वीडियो कॉफ्रेंसिंग के जरिया से अधिकारियन के साथे बइठकी कइलें। बइठकी के दौरान रामनौमी मेला में आवे वाला सरधालुअन क सुरक्षा अउर उनके दीहल जाये वाला सुविधन के बारे में पुरहर समीक्षा कइल गइल।

**********

प्रदेस के कई गो पच्छिमी जिलन में बीतल राति से मौसम क मिजाज बदलि गइल। ललितपुर, कौशांबी अउर बदायूं के सथहीं कई गो जिला में हल्लुक से मद्धिम बरखा भइल हौ। मौसम विज्ञान विभाग लखनऊ के सथहीं प्रदेस के पैंतीस जिलन में आजु अउर बिहने दुन्नो दिन बरखा क सम्भावना जतवले हवे।

**********

प्रदेस के कई जिलन में आजु अग्निसमन सेवा दिवस पर अलगि–अलगि कार्यक्रम क आयोजन कइल गइल। चउदह अपरैल ओन्नइस सौ चउवालीस के मुंबई के बंदरगाह पर लागल आगि के काबू कइले में छाछठ अग्निसमन करमी सहीद हो गइल रहलें। उनके यादि में हर सालि ई दिवस मनावल जाला। अजोध्या अउर कुशीनगर जिला में येह मौका पर सहीद अग्निसमन करमियन के सरधांजलि दीहल गइल।

**********

उन्नाव जिला के गंगा घाट कोतवाली इलाका के जाजमऊ चंदन खाट पर काल्हि गंगा नदी में नहाये गइल चारि लइकन क डूबि गइले से मउति हो गइल जबकि एगो लइका के स्थानीय लोगिन के मददि से बचा लिहल गइल।

**********